

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran Basa ngawengku opat kaparigelan anu silih deudeul, nya éta: (1) Ngaregepkeun, (2) Nulis, (3) Maca, (4) Nyarita. Kaparigelan nyarita jeung nulis disebut pamahaman Basa sacara éksprésif (produktif). Ari kaparigelan ngaregepkeun jeung maca disebut pamahaman Basa sacara résétip (pasif). Éta opat kaparigelan Basa téh tangtu moal bisa di lepaskeun hal éta luyu jeung pamadegan Dawson (dina Tarigan, 1981, kc. 9) “*learning is an integrated thing*”.

Cutatan di luhur miboga harti yén pangajaran mangrupa hal anu *terintegrasi*. Lantaran silih lengkepan antar unsurna, unggal unsur pangajaran Basa kudu dironjatkeun.

Pangajaran biantara téh aya di sakola, kaasup di SMA. Biantara atawa pidato kiwari jadi salah sahiji materi nu kaunggel dina Standar Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) dina kurikulum 2013 anu kudu diajarkeun di sakola tur wajib dikawasa ku murid.

Salasahiji pangajaran Basa téh nya éta pangajaran biantara, Pangajaran biantara aya di kelas X SMA. Sanajan aya dadasar nu jelas, tapi dina lajuning lajuna loba kénéh pasualan nu karandapan, saperti pasualan anu patali jeung alokasi waktu pangajaran, kurangna minat siswa kana diajar biantara lantaran dianggap hésé dina ngapalkeun kalimahna, kekecapanna. Balukarna kamampuh siswa biantara héngkér pisan. Kajaba ti éta ogé, guru kurang parigel dina nyipta jeung ngalarapkeun metodé pangajaran.

Pangajaran biantara di SMA dina kanyataan sapopoé, réa siswa anu ngalaman masalah dina prakna pangajaran biantara. Éta hal bisa kapaluruh tina penteun anu aya dina posisi handapeun kriteria ketuntasan minimal (KKM). Leuwih legana, pasualan sarupa kitu bisa di paluruh ogé tina jawaban siswa nalika ngaréspon pertanyaan lisan ti guruna.

Jaba ti kanyataan di luhur, aya kanyataan séjén nu patali perluna panalungtikan ngeunaan pangajaran biantara, aya masalah pangpangna mah

nyampak dina teu mampuhna siswa nyangkem eusi biantara anu di bacana salian ti éta aya sababaraha faktor anu mangaruhan, diantarana materi biantara anu hésé diapalkeun jeung monoton, bisa disebutkeun yén materi biantara téh kurang ngirut anu ngabalukarkeun ka siswa teu daék ngapalkeun jeung maham kana matéri biantara.

Pikeun ngukulan éta masalah, réa cara jeung tarékah anu bisa dilaksanakeun, salah sahijina ngagunakeun métode atawa modél pangajaran anu ngirut siswa nepika resep diajar Basa Sunda kaasup biantara. Dina prak-prakana taya modél pangajaran anu sampurna anu bisa dipake dina sagala kaayaan. Ku sabab kitu, guru kudu bisa milih modél pangajaran anu pas sangkan bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu disinghareupan ku siswa, fasilitas jeung média anu aya jeung guruna sorangan. Hal ieu luyu jeung hasil observasi saliwat yén mayoritas siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung ngalaman masalah dina pangajaran biantara, éta hal bisa kapaluruh tina *pre-tes*.

Salahsahiji modél pangajaran anu bisa ngirut sangkan siswa *aktif* jeung *interaktif* anu bisa dilaksanakeun dina pangajaran biantara nya éta modél pangajaran *Snowball Throwing*.

Modél pangajaran *Snowball Throwing* nya éta modél pangajaran kelompok, anu di wakilan ku ketua kelompokna tuluy meunang tugas ti guruna. Tuluy unggal siswa nyieun pertanyaan dina wangun bola-bola kertas patalékan. Tuluy dialungkeun ka siswa anu séjén, siswa anu meunang éta bola kertas kudu bisa ngajawab patalékan anu aya dina éta bola dina Rahman (2011, kc. 26).

Anapon dina ulikan pangajaran nu medar ngeunaan penerapan modél pangajaran *Snowball Throwing* nu geus aya nya éta “Éféktivitas Modél Pangajaran *Snowball Throwing* dina Pangajaran Maca Sajarah Lokal” (Mira Oktaviana, 2014) anu ngadéskripsikeun studi kuasi Éksperimén ka kelas VII-D SMP Kartika XIX-2 Taun Ajaran 2013/2014. Hal anu jadi sasaran jeung nu rék ditalungtik nya éta modél pangajaran *Snowball Throwing*. Ari anu ngabédakeunana nya éta matéri ajar, métode pangajaran, jeung sumber data nu rék ditalungtik.

Pengaruh modél pangajaran interaktif *Snowball Throwing* kana ngaronjatna hasil pangajaran biantara téh perlu ditalungtik lantaran ngawangun suasana diajar

anu *kréatif* jeung *inovatif*, sangkan prosés diajar-ngajar teu monoton. Ieu hal bisa dipake pikeun ngungkulan pasualan héngkéna kamampuh siswa kelas X SMAN 10 Bandung dina pangajaran biantara, ieu métode ogé miboga tujuan sangkan siswa bisa leuwih wani nyarita di hareupeun balaréa sahingga siswa leuwih bisa ngamekarkeun pangaweruhna jeung sakabéh poténsi nu dipibogana. Ku kituna ieu panalungtikan nu judulna *Modél Pangajaran Snowball Trhowing pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Biantara Studi Kuasi Ékspérimen di Kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung* dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina panalungtikan ieu panalungtikan dirumuskeun, nya éta sakumaha ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*?
- b. Kumaha kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran biantara sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Trhowing*?
- c. Kumaha bédana kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Trhowing*?
- d. Naha modél *Snowball Trhowing* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh biantara ka siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan di antarana nya éta tujuan umum jeung tujuan husus:

1.3.1 Tujuan Umum

Saluyu jeung rumusan masalah di luhur tujuan umum nu hayang di taluntik na éta pikeun nguji modél pangajaran *Snowball Trhowing* dina ngaronjatkeun

kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran Biantara.

1.3.2 Tujuan husus

Luyu jeung masalah di luhur, tujuan husus ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun, aya opat hal nya éta:

- a. Kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*;
- b. Kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran biantara sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Trhowing*;
- c. Bédana kamampuh siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung dina pangajaran biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Trhowing*; jeung
- d. Naha modél *Snowball Trhowing* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh biantara ka siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Kota Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban:

- a. Élmuan atikan

Utamana élmu atikan bisa ngeuyeuban Basa Sunda sangkan bisa leuwih jembar kana pangaweruhna.
- b. Kaparigelan Basa

Bisa ngalatih siswa dina ngagunakeun Basa Sunda sangkan bisa leuwih hadé ngagunakeun Basana.
- c. Pikeun Paélmuan

Pikeun widang paélmuan bisa ngeuyeuban deui pangajaran Basa Sunda sangkan leuwih mekar ku ayana modél pangajaran.

Salian ti tilu mangpaat tioritis diluhur ogé miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh siswa kana biantara.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis pikeun sawatara pihak sakumaha ieu di handap:

a. Pikeun Guru

Guru bisa nyaho cara diajar kumaha anu dipikaresep ku siswana sewang-sewangan, bisa nambahan pangaweruh guru dina modél-modél pangajaran anu éféktif, guru ogé bisa méré motivasi sangkan siswa bisa leuwih sumanget kana diajarna.

b. Pikeun Siswa

Bisa méré nyaho siswa ngeunaan cara diajar anu henteu monoton dina pangajaran biantara.

c. Pikeun Panalungtik

Dipiharep bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* saméméh jeung sabada panalungtikan, jeung bisa jadi salah sahiji métode nu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I eusina ngawengku kasang tukang masalah dina panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh éta mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis, jeung raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II ngadéskripsikeun tiori-tiori nu ngawengku modél pangajaran *Snowball Throwing* sarta léngkah-léngkahna dina pangajaran biantara, tiori nyarita, jeung biantara. Dina ieu bab dipedar ogé raraga mikir jeung hipotésis tina panalungtikan.

Bab III ngadéskripsikeun ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, desain

panalungtikan, instrumen panalungtikan, sarta prosedur panalungtikan nu ngawengku léngkah-léngkah ngumpulkeun jeung ngolah data pikeun dianalisis.

Bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu ngawengku analisis data hasil panalungtikan jeung pedaran pangaruh modél pangajaran *Snowball Throwing* dina ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa kelas X-Bahasa SMAN 10 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Bab V ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta méré saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.